

DOMESTIC WORKERS UNITED

Interview afc2015027_03482_ms03

Marie Choubert Exantus interviewed by Marie Ketlaine Antoine

Interview conducted in Haitian Kreyòl. For English translation of this transcription, see afc2015027_03482_ms02.

Kreyòl Transcription

00:00 - 00:23

00:23 - 01:00

Marie Ketlaine Antoine (A): Kouman w rele?

Marie Choubert Exantus (E): Marie Choubert Exantus.

A: Ok. Ki travay w ap fè kounyea?

E: M ap travay *Home Health Aide*.

A: Ki kote w rete?

E: Fillmore Street.

A: Nan ki zòn?

E: Brooklyn.

A: Ok. Ki kote w fèt?

E: Pòtoprens, Haiti.

A: Ok Nan ki zòn?

E: Kwadèboukè.

A: Ok. Kouman w fè vin travay, kouman w te fè ale nan travay ke ou ye a, kouman w te fè jwenn li?

01:00 - 01:33

E: "Σε ον μοθν κι τε μεννεν μ, ον ζανμι μ κι τε μεννεν μ.

A: Pale pi fò.

Domestic Workers United
afc2015/027

E: On zanmi m ki te mennen m nan travay.

A: Mhm. Depi konbyen tan ou gen travay sa?

E: "Μ γενυεν κατòζ αν ναν τραωαυ λα.

A: Nan konbyen kay ou travay?

E: M travay nan de kay.

A: Mhm. Èske w ka pale m de jou w de lè w ak oubyen de responsabilite ou genyen nan nan travay sa?

01:33 - 02:03

E: M gen twa jou nan travay la. Vandredi, Samdi, Dimanch.

A: Mhm.

E: M fè 36 èd tan.

A: Mhm.

E: M rete avèk pasyan an, dòmi, leve.

A: Kòm responsabilite se rete avèk pasyan an? Ok.

E: (*unclear*)

A: Ki kalite ke w bezwen pou fè jan de travay sa?

E: Enbyen, m bezwen anpil swen avèk pasyan. Pitit li ban m tout bagay pou m fè pou li. Manje, *clean* li...

A: Mhm.

02:03 - 02:36

E: ...eksetera.

E: Antrènman...m pran sètifika. M te nan Domestic...

A: ...Workers...

E: ...Workers avèk Ninaj ki te mete m ladan l. M fè on mwa ladan li. M ap monte al Manhattan al aprann li.

A: Ok. Èske w gen on spesyalite ou bezwen pou fè travay sa?

E: Wi.

A: Tankou?

E: Ou bezwen tankou lè w gen moun lan avèk li, w ap travay avèk li...

02:36 - 03:08

E:... fòk pou pitit li ba w tout bagay, fòmalitye pou fè pou li.

A: Mhm. Lè w ap gade jan de pasyan sa yo, ou genyen yo ansanm avèk ou, ki pi bon fason ke w fè pou w ka fè pasyan an santi l nan poul?

.

03:08 - 03:31

E: "...çè? Λι πα τα ωλε μ δεπλασε. Ε ποθ λ κενβε μεν μ, ποθ λ απ ραλε μ ποθ μ ψηιτα κοτε λ λα.

A: Gen de moman pasyan sa pa vle manje oubyen l pa ka manje?

E: Li kapab manje.

A: O, ok.

E: Li toujou manje.

A fè pou ede timoun sa a manje?

03:31 - 04:03 E: M gen twa timoun nan men m. Manman yo pati, l al travay New Jersey. Youn gen dizan, youn gen senkan, youn gen en nan.

A: Ok.

E: Wè? Dizan an li benyen, li met rad sou li. Senkan an, se mwen pou ki penyen tèt li. Mwen pou k fè l manje maten. Ti piti a pou m ba l lèt. Lè pou m al avèk yo, mennen yo lekòl, pou travèse yo lari a, e te e, e, 2000 mwen te antre isit yo te ban m timoun sa yo.

A: Mhm.

04:03 - 04:29

E: M travay avèk yo. Pou m met ti piti a nan charyo pou m mennen lòt yo al lekòl lè fini pou m tounen avèk ti piti a pou m fè l dòmi, pou m ba l manje, pou m benyen l pou m *cleanli*, si l twalèt si l sal, si l pipi, ou pa ka kite l dòmi, li p ap dòmi ak *pampers* mouye a

Domestic Workers United
afc2015/027

sou li. Fò w chanje l pou *clean* li epi w ou wè ti dòmi a ap pran l, li manyen w, li manyen w, li konn se manman nou ye pou l ap manyen machwe w lè souri p ou ap bat dèyè l, pou fè l dòmi.

04:29 - 05:07

A: Ok. Ki pi bon bagay ke w ka fè pou on timoun ki bezwen dòmi o k ap kriye?

E: Konsole pou konsole l.

A: Kouman?

E: Epi, depi w fin *clean* li, ou fin retire *pampers* mouye a sou li, si l pou pou, cheke l. Lè l fini, ou, ou, ou, ou, ou ba l manje, ou ba l lèt. Si se ji an ou ap ba li, si s on ti dlo w ap ba li, si l swaf, ou cheke tout bagay sa yo, ou ba li yo. Lè fini, pou m pran yo epi ou wè l ap, ou mete l sou ou, ou wè ti dòmi ap pran l. W ap bat ti dèyè l. W ap fè l "dodo titit, dodo titit" w ap karese li. W ap ba l afeksyon, epi dòmi pran l.

05:07 - 05:49

A: Pa egzanp, ou gen on timoun k ap fè dan nan men w ke w ap gade e ke èske ou gen on mwayen natirèl, yon fèy, ke w kapab bay timoun sa?

E: Isit, m pa kapab bay timoun moun fèy.

A: Men ou konn itilize fèy natirèl...?

E: Ayiti, m fè l pou pitit mwen. M gen chyendan, bò rigwòl lakay mwen. Tranpe l nan krich Yo fè m pran ti ponyen pitimi mete ladan li. Lè timoun lan ap fè dan (*unclear*) lè l ap leve, li pran...ti gason m lan, li fè dan san djare, san anyen, wè? M met pitimi ladan l avèk on ti chyendan, on ti flè dan, lactose, m foubi jansiv li, fè l fre, eksetera. Men timoun isit, mhm, pa gen sa.

05:49 - 06:23

A: Èske w gen on bagay ke w kapab aprann moun kote w ap travay lan?

E: Wi.

A: Tankou patwon w...

E: Patwon m, pou m montre l afeksyon m gen pou pitit li, e menm jan avèk pitit pa m tou m gen afeksyon pou pitit li. M pa ka gen timoun lan pou l ap kriye pou m pa konsole l. Fò m konsole l. Wè?

A: Ki meyè pati nan djòb ou ke w renmen?

Domestic Workers United
afc2015/027

E: Ti monnen an. (*laughter*). Se li k pou peye kay mwen. M pa ka dòmi nan lari nan fredia. Ti monnen an.

A: Ki pati ki pi di nan djòb ou?

06:23 - 06:57

E: Ki pati ki pi di nan djòb la... e lè w ap leve le maten a senkè dimaten pou al travay, setè dimaten pou w pran bis pou prale....pou, pou, (*unclear*) ti dòmi. Ou konnen ou gen bezwen fò w ale. Sa se sa. (*unclear*)

A: Ki relasyon w avèk bòs ou?

E: Relasyon m avèk bòs mwen, m vin travay. Se tou nòmal, ou pa ka vin poze move kesyon. M ap pote tèt, moun nan tèt mwen an plent pou ou. M pa ka nan move relasyon...

A: Ki vrè relasyon ou genyen avèk moun ou ap travay la, pasyan an pa egzanzp?

06:57 - 07:30

E: Wi, pasyan an sa l vle m fè pou li a, pou m fè l. Si se manje a, si s on ti ji l vle m fè pou li, pou m fè l pou li. Si l gen ji l nan frijidè. Si l mande m on ti dlo. Si l bezwen *mclean* li pou m *clean* li. E sa. Chanje li byen pwòp, kabann li toujou *clean*. A: Ok. Kouman w jere santiman emosyonèl ou avèk moun ke w ap travay lan?

E: Emosyonèl mwen se si pasyan m malad, li pa kapab pale, li pa kapab fè anyen, pou lave li, e mwen k ap redi pou m fè fason pou m bagay avèk li.

07:30 - 08:02

A: Kouman w jere santiman emosyonèl ou avèk bòs ou?

E: Bòs mwen...depi m gen on pwoblèm, m *call* bòs mwen. Depi m antre, si gen on bagay ki pa genyen lakay la, m mande l.

A: Ok. Èske w santi lajan ke w ap touche, lè ke w ap travay ak jou konje w yo respekte?

E: Wi, yo respekte l.

A: Ok.Èske yon moun pa janm eksplwate w oubyen ou pa janm konnen on lòt moun k ap travay ke yo eksplwate?

08:02 - 08:48

E: M pa konnen.

A: Pou koze imigrasyon?

Domestic Workers United
afc2015/027

E: Non, m pa konnen sa.

A: Ok. Ou pa janm pataje kilti w avèk moun kote w ap travay yo?

E: Wi.

A: Kouman?

E: Gen *teacher* mwen. M gen bòs la. Si m montre l yon mango m genyen, sot nan peyi m, M montre you zaboka ki sot nan peyi m. Mwen montre yo fèy m gen nan peyi m. Yo di m... M gen on bann moun ki soto Afganistan, m te nan lekòl ansanm avèk yo Manhattan School. Lè m pote kat mango pou yo, m bay chak moun on mango, yo manje l, yo di mari m pral layite avè w poutèt mango.

A: Ok. Kouman w fè pou balanse vi ou oubyen vi travay ou?

08:48 - 09:34

E: Men vi travay mwen m balanse li. Ou konnen lè w vin ak ret timoun, ou fè yo ede w. Avèk Ninaj, se yon poto li ye pou mwen. On poto l ye la. M g on pwoblèm, se kot Ninaj m vini.

A: Ok. Èske w se manm oubyen ou fè pati de yon lòt òganizasyon epi on lòt gwoup?

E: Non. Sèl Domestic Workers la a avèk Ninaj la m gen la.

A: Ok. Lè w ap fè travay nan kay, èske w santi ou fè pati de yon gwoup oubyen de yon kominote?

E: (*unclear*) kominote.

(*silence*)

09:34 - 10:16

A: Kouman w te fè vini nan òganizasyon Domestic Workers?

E: M te nan lekòl, e Saint Francis, Ninaj travay la la, epi Ninaj envite m nan Domestic Workers.

A: Kisa sa vle di pou ou nan lwa Domestic Workers fè?

E: O, s on pakèt afè l ye pou mwen. M aprann CPR la.

A: Ok.

Domestic Workers United
afc2015/027

E λ γεν ον προβλèμ, υο μοντρε μ κιξαν pou fè CPR, pou m, timoun lan, si l genyen kèk flèm k ap monte li, pou m monte l, pou fè, tout bagay pou li. Nan Domestic Workers, m aprann anpil bagay.

10:16 - 11:03

A: Ok. Kouman sa afekte travay ou lè Domestic fè lwa sa a pase?

E: O, li bon pou mwen. Li bon anpil pou mwen. M pa t konnen anpil bagay. Bagay sa a montre m anpil bagay ladan l la Domestic Workers la.

A: Nan pwochenn oubyen nan lavni, kisa ki pi enpòtan ou ta renmen ke Domestic Workers fè?

E: M ta renmen pou yo pi pwolonje bagay la. Montre nou si bagay, konpitè, pou nou aprann bagay yo plis. Paske, si nou rele pitit nou, li pa ka ede nou, nou menm nou ka monte sou konpitè a, òdinatè nou fè afè nou. Nou pa bezwen moun fè pou nou.

11:03 - 11:33

E: "Μ τα, μ τα...κονταν σα φèt.

A: Ok. Ou kontan avèk enpak ke lwa sa a ...

E: Wi, lwa sa bon bon bon bon...

A: ...sou travay ou...?

E: ..sou travay mwen. M p al bezwen moun, pitit t al vin fè pou mwen. Lè w rele yo, do yo byen lwen epi ou menm ou fè afè w.

A: Sa w ta renmen moun yo k ap fè lwa sa yo oubyen politisyen sa yo fè pou ou oubyen kisa ou ta renmen yo konnen?

E: M ta fè yo konnen byen pou nou ouvri je nou plis, wè? Pou nou ta avanse pi devan, wè?

11:33 - 11:57

E: Pou nou kapab mache pi devan. Pou yo t a ouvri pòt la pou nou kouman di moun yo, pou nou ouvri je nou pou nou tandè angle a pou nou kapab fè lwa a mache plis. Pou lòt ki pa kapab.

A: Kisa ou ta renmen aprann pi devan kòm edikasyon?

E: M ta renmen fin lekòl mwen. M ta renmen aprann doktè, m ta renmen aprann on bagay. Paske isit menm si w fin granmoun, w aprann sa w vle.

Domestic Workers United
afc2015/027

11:57 - 12:29

A: Ki kalite leson w tire oubyen kijan de antrènman ke Domestic Workers ap rann ou?

E: Domestic Workers la aprann mwen anpil bagay.

A: Tankou?

E: Tankou kompitè. Yo aprann nou lekòl, anglè. Si m ka al nan *agency*, si m *fill* papyè se gras a lekòl la ki fè m ka *fill* papyè m. M ale. Pitit mwen pa konn kote m al travay paske se wè yo wè lajan ap vin lakay la. Wè? Se gras a lekòl la ki fè tout bagay sa yo pou mwen. Wè?

12:29 - 12:59

A: Ki dènye mo ou ta renmen ajoute oubyen sa w ta renmen Domestic Workers konnen anplis de ou?

E: O, anplis de mwen...

A: De travay ou?

E: De travay mwen?

A: ...Ke li gen pou l fè?

E: ...pou l fè...pou lè nou vini, lè nou kapab pale, pou lè nou pase, si nou g on pwoblèm, nou rankonte Ninaj li epi nou kapab pale sa nou bezwen nan lari a ak kèlkeswa moun li ye a, nou adrese nou a nenpòt moun. Se sa m ta renmen pou m fè.

12:59 - 13:31

A: Ou pa gen anyen ou ta renmen ajoute anplis?

E: Enben, pou Domestic Workers ta vanse nou pou pi devan, pou yo aprann nou plis bagay, youn, lè fini pou nou, pou y ajoute plis bagay pou nou pou nou, pou tou je nou ke koud la pou ouvri l plis pou lespri nou kapab plis avanse, pou nou kapab mache pi devan. Pou Domestic Workers chèche pou nou, pou nou jwenn plis bagay. E sa nou mande Domestic Workers.

A: Thank you.

(*applause*)